**दिन–शनिवार** **दिनांक–06.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनाव के लऽकऽ प्रदेश मे प्रचार अभियान जोर पकरि लेलक अछि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ जमुई मे पार्टी प्रत्याशी अर्चना रविदासक पक्ष मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ जनौलनि जे राज्यक सभ चालीस लोकसभा सीट पर इंडी गठबंधनक उम्मीदवार सभक जीत तय अछि। ओ उपमुख्यमंत्री रहैथ अपन कार्यकालक उपलब्धिक चर्चा कयलनि। श्री यादव जनौलनि जे पार्टी जखन राज्य मे सत्ता मे छल तखन मात्र सतरह मास मे पाँच लाख लोकसभ के सरकारी नोकरी देल गेल। ओ जनौलनि जे बिहारक लोकसभ आब भाजपा आओर जदयू गठबंधन सँ उबि गेल छथि। श्री यादव पार्टी प्रत्याशी अर्चना रविदासक पक्ष मे लोकसभ सँ भोट खसेबाक लेल जनौलनि। रैली के विकासशील इंसान पार्टीक मुकेश सहनी सहित कतेको नेता सभ सेहो सम्बोधित कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि एनडीए प्रत्याशी विवेक ठाकुरक पक्ष मे एक जनसभा के सम्बोधित करताह। एहि अवसर पर जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित एनडीए घटक दलक आनो–आन प्रमुख नेता सभ सेहो रहताह। ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह नओ अप्रैल कऽ औरंगाबाद लोकसभा क्षेत्र मे पार्टी प्रत्याशी सुशील कुमार सिंहक पक्ष मे जनसभा के सम्बोधित करताह।

---

चुनाव आयोग चुनाव प्रक्रिया मे पारदर्शिता लयबाक लेल कतेको नव तकनिकक मददि लऽ रहल अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी कार्यालय सँ भेटल जनतबक अनुसार सभ प्रत्याशीक प्रोफाइल के रियल टाईम अपडेट कयल जायत। संगहि, दागी प्रत्याशी सभक प्रोफाईल आयोगक ऐप पर लाल रंग मे नजरि आओत। ओतहि, जाहि सभ प्रत्याशीक खिलाफ कोनो मामिला नहि रहत तऽ हुनक प्रोफाइल हरियर रंग मे देखल जायत। चुनाव आयोग द्वारा नो योर कैंडीडेट–के.वाई.सी ऐप पर प्रत्याशी सभक शपथ पत्र के अपलोड कयल जायत।

---

भारतीय जनता पार्टी आइ अपन पैंतालीसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय मंत्री अमित शाह आओर पार्टी अध्यक्ष जे. पी. नड्डा एहि अवसर पर लोकसभ के शुभकामना देलनि अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे पार्टी कार्यकर्ता सभ के बधाई देलनि अछि आओर कतेको वर्ष सँ पार्टी ठाढ़ करय मे हुनक कड़गर मेहनत, संघर्ष आओर बलिदानक लेल आभार व्यक्त कयलनि अछि। एम्हर, पटनाक पार्टीक प्रदेश मुख्यालय मे एहि मौका पर आयोजित कार्यक्रम मे प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी आओर बिहार प्रभारी विनोद तावड़े सहित पार्टीक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

———————————————————————

उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ काल्हि एक दिवसीय दौरा पर गया आबि रहल छथि। ओ आई.आई.एम बोधगयाक छठम् दिक्षांत समारोह मे भाग लेताह। श्री धनखड़ महाबोधि मंदिर मे पूजा–अर्चना सेहो करताह।

———————————————————————

पटनाक फराक–फराक थाना क्षेत्र मे पुलिस छापामारि कऽ पाँच प्रिंटिंग प्रेस सँ पचीस करोड़ टाकाक नकली किताब बरामद कयलक अछि। सरगना राकेश के ठामहि गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि। पुलिस जनौलक जे प्रिंटिंग प्रेस मे एन.सी.ई.आर.टी. सहित आनो–आन प्रकाशनक किताब छापल जा रहल छल।

———————————————————————

भागलपुरक कहलगांवक एन.टी.पी.सी. प्लांट सँ वित्तीय वर्ष दू हजार तैईस–चौबीसक बिच रिकॉर्ड बिजलीक उत्पादन कयल गेल। परियोजना प्रमुख अजय शर्मा जनौलनि जे एहि वित्तीय वर्ष मे सोलह हजार पाँच सय पचपन मिलियन यूनिट बिजलीक उत्पादन भेल। ओ जनौलनि जे वर्ष उनैस सय चौरासी मे प्लांटक स्थापना सँ ई एखन धरिक एक वित्तीय वर्ष मे सभ सँ बेसी उत्पादन अछि। श्री शर्मा जनौलनि जे कहलगांव प्लांट एन.टी.पी.सी प्लांट मे दसम आओर पूर्वी क्षेत्रक परियोजना सभ मे पहिल स्थान पर आबि गेल अछि।

———————————————————————

पछिया हवाक कारण प्रदेशक दक्षिणी आओर उत्तरी–पश्चिमी क्षेत्र मे कतेको ठाम लू जेहेन स्थिति भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार कतेको ठाम अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस धरि भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच बियालीस

दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग वैशाली राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला दू दिनक बिच राज्यक अधिकतम तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओकर बाद दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस तापमान कम भऽ सकैत अछि। एम्हर, विभाग आइ कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद, गया, नवादा, जमुई आओर बांका जिला मे किछु ठाम मेघगर्जनक संग ठनकाक खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

किशनगंज मे खनन विभागक टीम छापामारि कऽ अवैध खनन काज मे लागल पाँच ट्रक आओर एक जे.सी.बी के जब्त कयलक अछि।

———————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक झरौखर थानाक अमवा चौक पर पुलिस तीन गोट नेपाली नागरिक के एक लाख टाका सँ बेसी नेपाली मुद्रा आओर एकटा मोटरसाइकिलक संग गिराफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।